

## **BAB V** **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

### **5.1 Kacindekan**

Ieu judul skripsi téh nya éta “Kumpulan Carpon Lagu Cinta jeung Sajabana karya Nunu Nazarudin Azhar Ulikan Struktur jeung Ajén Moral”. Aya sababaraha hal anu dipedar dina ieu panalungtikan nya éta 1) struktur carita unggal carpon dumasar kana fakta carita saperti téma, penokohan, galur, jeung hubungan antar unsur dina carita 2) Ajén moral dumasar kana ciri-ciri ajén moral nya éta moral manusa ka pangéran, moral manusa ka dirina sorangan, moral manusa ka papada jalma, moral manusa ka alam, moral manusa ka waktu, jeung moral manusa dina ngudag kapuasan lahiriah jeung batiniah. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitik, téknik studi pustaka jeung téknik analisis data. Dina prosés panalungtikan aya sababaraha hal anu kapanggih, nya éta struktur carita jeung ajén moral dina buku kumpulan carpon Lagu Cinta jeung Sajabana karya Nunu Nazarudin Azhar. Struktur carpon dina kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* ngawengku téma, galur, téknik pengeplotan, tokoh jeung penokohan jeung latar. **Téma:** tina limabelas carpon nu ditalungtik, kabéhanana miboga téma anu beda-beda. Téma anu digunakeun nya éta ékonomi, agama, sosial, politik jeung perjuangan. Rata-rata téma dina unggal carpon nya éta mangrupa téma sosial. Téma sosial nyangkaruk dina carpon “Bulan jeung Halimun”, “Jék” jeung “Labirin”, nyangkaruk dina carpon “Dongéng Sakedapan”, “Girimis Ngepris ti Sareupna Mula”, Awéwé nu Kabawa Hujan”, “Kalangkang”, jeung “Kiai Bangbrang Salayan”. Téma agama nyangkaruk dina carpon “Rock Star”, “Simpé di Pasir Maria”, jeung “Rustum Maok Bulan”. Téma politik nyangkaruk dina carpon “Pasir Kalari”. Téma perjuangan nyangkaruk dina carpon “Sang Bujangga”, “Lagu Cinta jeung Sajabana”, jeung “Tugur”. **Galur:** galur anu digunakeun aya tilu nya éta galur mérélé, mobok tengah jeung mundur (flashback). Carpon anu ngahunakeun galur mérélé nya éta “Bulan jeung Halimun”, “Jék”, “Labirin”, “Sang Bujangga”, “Lagu Cinta jeung Sajaban”, Kiai Bangbrang Salayan jeung “Dongéng Sakedapan”. Carpon anu ngagunakeun galur mobok tengah nya éta “Girimis Ngepris ti Sareupna Mula”,

“Tugur”, “Pasir Kalar”, “Awéwé nu kabawa hujan”, “Dongéng Sakedapan”, jeung “Rustam Maok Bulan”. Carpon anu ngagunakeun galur mundur (flashback) nya éta “Simpé di Pasir Maria”. **Tokoh** jeung Penokohan: dina ieu carpon katitén aya 70 tokoh, 19 salaku tokoh utama jeung 51 tokoh salaku tokoh tambahan boh anu ngalalakon boh anu kacaritakeun ku tokohna atawa kacaritakeun saliwat. Dina unggal carpon rata-rata kacaritakeun aya sababaraha tokoh anu miboga pangkat atawa jalma nu miboga wibawa, saperti tokoh kuring dina carpon “Rock Star!”, jeung Dalka Sastraprabu dina carpon “Sang Bujangga”. Watek tokoh anu kagambar dina unggal carpon kapanggih kucara niténan tingkah laku jeung karakterna dina carita kahirupanana. **Latar:** saenggeus dianalisis latar anu kapanggih dina unggal carpon nya éta latar tempat, latar waktu jeung latar sosial. Latar disaluyukeun jeung téma tur galur dina unggal caritana. Latar tempat general jeung latar parsial dina unggal carpon béra-béra. Latar waktu anu aya dina unggal carpon ogé aya anu nuduhkeun latar waktu anu tangtu (absolute) aya ogé anu nuduhkeun latar waktu nu teu tangtu (parsial) jeung latar waktu ogé dibédakeun jadi dua nya éta latar durasi (lilana) jeung waktu titimangsa. Latar sosial unggal carpon lolobana nuduhkeun bérédáan antara kaum cacah (handap), kaum Santana (menengah) jeung kaum ménak. Dina ieu panalungtikan ogé dipedar ngeunaan hubungan antar unsur dina carita. Hubungan antar unsur anu dipedar dina unggal carpon nya éta hubungan: (1) téma jeung galur, (2) téma jeung tokoh jeung penokohan, (3) téma jeung latar, (4) galur jeung tokoh jeung penokohan, (5) galur jeung latar, (6) tokoh jeung penokohan jeung latar. Tina runtusan anu panjang jeung analitis, bisa dicindekkeun yén hubungan antar unsur dina unggal carita raket patalina, sarta mangrupa (hubungan sabab akibat). Sakabéh carpon dina buku kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* mangrupa carpon anu medar sakabéh aspék kahirupan anu universal luyu jeung kaayaan jaman. **Amanat:** amanat anu nyangkaruk dina carpon “Bulan jeung Halimun” nya éta dina nyokot kaputusan urang ulah asal gancang-gancang kudu dipikiran heula alus atawa goréngna éta kaputusan kudu nepi ka asak méh teu hanjakal nalika geus nyokot kaputusan éta percaya kana papastén Gusti yén bagja, lara, cilaka, jeung pati mah kembangna manusa hirup di dunya. Amanat anu

nyangkaruk dina carpon “Jék” nya éta ngalakukeun hiji hal ulah kajurung ku napsu, tapi kudu dipikir heula, kudu fokus kana niat urang, ulah babari kaganggu ku hal anu sepélé, sarta kudu ngabéla kana kabeneran, ulah ngabéla ka nu salah. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Labirin” nya éta éta urang kudu boga pendirian kuat dina moral jeung agama, ulah nepi ka pangaruhan ku hal-hal nu matak nyilakakeun jeung ngancurkeun moral, ulah nyieun codéka jeung kalakuan nu mantak ngaruksak, boh kana lingkungan, masarakat atawa kulawarga kudu bisa ogé neguhkeun pamadegan. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Sang Bujangga” nya éta kudu gedé haté dina nyanghareupan kaayaan nu keur dirandapan jeung kudu disyukuri nu penting bisa nyukupan pikeun kahirupan. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Lagu Cinta jeung Sajabana” nya éta kudu gedé haté dina nyanghareupan kaayaan nu keur dirandapan. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Dongéng Sakedapan” nya éta ulah ngingetningget kana pangalaman nu geus kaliwat sabab bisa ngaganggu kana kahirupan tur moal bisa fokus kana kahirupan sorangan, jadi jalma ulah ngarasa asa aing kawasa, sagala hal anu dilakukeun ku urang salaku manusia pasti bakal aya babalesna kudu bisa ngabédakeun atawa ngajaga hubungan sosial antara ka salaki jeung ka batur, najan deukeut tapi tong nepi ka ngarugikeun diri sorangan . Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Girimis Ngepris ti Sareupna Mula” nya éta nyiar pangabutuh téh kudu bener-bener sangkan bisa kaala hasilna. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Pasir Kalari” nya éta éta ulah sarakah, sarta kudu amanah jeung tanggung jawab kanu geus ditibankeun Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Rock Starr” nya éta rupa-rupa cocoba jeung gogoda, urang kudu bisa ngariksa diri sarta ulah nyieun codéka jeung kalakuan nu mantak ngaruksak, boh kana lingkungan, masarakat atawa kulawarga. “Kalangkang” nya éta kudu bisa nyumponan amanah nu can katedunan jeung kudu bisa narima kana kaayaan nu geus karandapan kudu bisa ngabédakeun atawa ngajaga hubungan sosial antara ka salaki jeung ka batur, najan deukeut tapi tong nepi ka ngarugikeun diri sorangan

Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Tugur” nya éta éta tumamprak kana kadar, kudu bisa narima kana kaayaan nu geus karandapan. Amanat anu nyangkaruk dina carpon

“Awéwé kabawa hujan” nya éta sagala marabahaya jeung karuksakan di ieu alam dunya téh alatan manusa-manusa kénéh, urang kudu bisa ngariksa diri tina nambah jumlah kama’siatan sarta ulah nyieun codéka jeung kalakuan nu mantak ngaruksak, boh kana lingkungan, masarakat atawa kulawarga.

Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Rustum Maok Bulan” nya éta, ulah codéka jeung kalakuan nu mantak ngaruksak, boh kana lingkungan, masarakat atawa kulawarga ulah kapoékan ku urusan duniawi nepi ka kudu kaluar kana kayakinan nu ku urang geus dianut jeung ngabalukarkeun urang dimusuhan ku batur. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Simpé di pasir maria” nya éta éta kudu milah-milah ajén inajén nu bisa di terap keun dina kahirupan urang sangkan luyu jeung situasi atawa kondisi moral jeung budaya masarakat. kudu tanggung jawab jeung miduli kana kasusah batur. Ngadeudeulan jeung ngageuingkeun jiwa tur adeg-adeg jati diri jalma. Nu intina amanat dina ieu carpon nyaéta kudu silih élingan. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Kiai Bangbrang Salayan” nya éta éta urang jeung sasama manusa kudu silih lengkepan. Sangkan bisa nyumponan amanah

Lagu Cinta jeung Sajabana karya Nunu Nazarudin Azhar ditalungtik ku cara niténan tina paripolah, sikep jeung omongan atawa kekecapan tokoh nu aya dina unggal carpon. Tina 6 ajén moral, aya 4 carpon anu nyangkaruk ajén moral nu indikatorna moral manusa ka pangéran (MP), 6 carpon anu nyangkaruk ajén moral nu indikatorna moral manusa ka dirina sorangan (MMDS), 7 carpon anu nyangkaruk ajén moral nu indikatorna moral manusa ka papada jalma (MMPJ), 1 carpon anu nyangkaruk ajén moral nu indikatorna moral manusa ka alam (MMA), 2 carpon anu nyangkaruk ajén moral nu indikatorna moral manusa ka waktu (MMW), jeung 1 carpon anu nyangkaruk ajén moral nu indikatorna moral manusa dina ngudag kapuasan lahiriah jeung batiniah (MMLB). Intina tina 15 carpon anu aya dina buku kumpulan carpon Lagu Cinta jeung Sajabana lolobana ngandung ajén moral anu indikatorna moral manusa ka papada jalma.

## **5.2 Rékoméndasi**

Sawatara saran atawa rékoméndasi ditujukeun pikeun pihak-pihak nu patali jeung ieu panalungtikan nya éta: 1) pikeun panalungtik satuluyna 2) masarakat. Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan pikeun bahan atawa sumber data panalungtikan satuluyna anu leuwih jembar. Pikeun masarakat ogé pamaca dipiharep bisa terus ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan pamahaman dina karya sastra saperti maca buku anu patali jeung karya sastra. Diantarana, buku kajian sastra jeung kritik sastra. Salian ti éta, dipiharep hasil panalungtikan ajén moral ieu bisa dijadikeun gambaran atawa eunteung dina kahirupan sapopoé di lingkungan masarakat.